



Pou Piblikasyon Imedya: 10/10/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 30 MILYON DOLA SIBVANSYON POU FÈ
AMELYORASYON VITAL NAN ENFRASTRIKTI DLO
MOHAWK VALLEY LAN YO**

***Nivo Finansman Rekò sa a pral Rantabilize 91 Milyon dola nan Investisman Pou
Bon Jan Kalite Dlo, ki pral Pèmèt Kontribiyab nou yo Ekonomize 62 Milyon dola***

Investisman an pral Sipòte Kreyasyon 1,490 Nouvo Djòb nan Mohawk Valley

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse prèske 30 milyon dola sibvansyon pou sipòte 21 pwojè esansyèl pou fè amelyorasyon nan enfrastrikti dlo potab ak dlo ize nan Mohawk Valley lan yo. Sibvansyon sa yo fè pati yon investisman 255 milyon dola atravè eta a, ki finanse atravè Lwa sou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo yo (Water Infrastructure Improvement Act, WIIA), menm jan ak nouvo Pwogram Sibvansyon pou Enfrastrikti Dlo Entèmunisipal lan (Intermunicipal Water Infrastructure Grants Program, IMG).

“Investisman san presedan sa a ap kontinye angajman New York pran pou l ede minisipalite yo devlope enfrastrikti nesesè pou yo pwoteje resous dlo nou yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Investisman sa yo enpòtan anpil pou sipòte sante ak sekirite kominote nou an yo, epi l ap ede poze fondasyon pou kwasans ak pwosperite alavni nan kat kwen gran eta sa a.”

Nan kad Lwa monimantal sou Enfrastrikti Dlo Pwòp (Clean Water Infrastructure Act, CWIA) 2.5 milya dola Ane 2017 la Gouvènè Cuomo te [anonse](#) an Avril la, sibvansyon sa yo fè pati 255 milyon dola nan finansman ki disponib pou minisipalite toupatou atravè eta a yo pou sipòte pwojè enfrastrikti bon jan kalite dlo enpòtan yo. Lwa a te mete 30 milyon dola disponib tou pou nouvo Pwogram Sibvansyon pou Enfrastrikti Dlo Entèmunisipal la, k ap bay sibvansyon pou de oswa plis minisipalite k ap pataje enfrastrikti kalite dlo a yo.

Nan Mohawk Valley la, prèske 30 milyon dola finansman sibvansyon pral rantabilize 91 milyon dola ototal nan depans pou pwojè yo epi fè kontribiyab yo ekonomize prèske 62 milyon dola. Investisman sa a pral kreye 1,490 djòb atravè tout rejyon an. Depi 2015, lè nou konte dènye faz finansman sa a tou, kominote nan rejyon Mohawk Valley a yo te resevwa 52 milyon dola ototal nan fon sibvansyon WIIA k ap sipòte 259 milyon dola nan depans pou pwojè yo ototal.

Minisipalite Mohawk Valley yo ki ap resevwa sibvansyon yo se:

Sibvansyon WIA	Benefisyè Sibvansyon an	Konte	Estimasyon Montan Depans pou Pwojè a	Estimasyon Montan Sibvansyon yo Resevwa
Dlo Pwòp	Amsterdam, Vil	Montgomery	3,600,000 dola	900,000 dola
Dlo Potab	Amsterdam, Vil	Montgomery	5,500,000 dola	3,000,000 dola
Dlo Pwòp	Barneveld, Vilaj	Oneida	4,112,500 dola	1,028,125 dola
Dlo Pwòp	Cooperstown, Vilaj	Otsego	3,522,357 dola	880,590 dola
Dlo Pwòp	Fonda, Vilaj	Montgomery	1,100,000 dola	275.000 dola
Dlo Potab	Fonda, Vilaj	Montgomery	3,600,000 dola	2,160,000 dola
Dlo Pwòp	Frankfort, Vilaj	Herkimer	6,200,000 dola	1,550,000 dola
Dlo Potab	Fultonville, Vilaj	Montgomery	900,000 dola	540,000 dola
Dlo Potab	Gilbertsville, Vilaj	Otsego	3,000,000 dola	1,000,000 dola
Dlo Potab	Herkimer, Vilaj	Herkimer	750,000 dola	450,000 dola
Dlo Potab	Otorite Dlo Mohawk Valley (Mohawk Valley Water Authority)	Oneida	3,687,000 dola	2,212,200 dola
Dlo Pwòp	Oneida Castle, Vilaj	Oneida	4,516,000 dola	1,129,000 dola
Dlo Pwòp	Oneonta, Vil	Otsego	8,487,032 dola	2,121,758 dola
Dlo Pwòp	Rome, Vil	Oneida	3,750,000 dola	937,500 dola
Dlo Pwòp	Rome, Vil	Oneida	14,000,000 dola	2,589,700 dola
Dlo Potab	Rome, Vil	Oneida	10,866,000 dola	3,000,000 dola
Dlo Potab	Schoharie, Vilaj	Schoharie	2.750.000 dola	1,650,000 dola
Dlo Potab	Sharon Springs, Vilaj	Schoharie	4,223,500 dola	2,534,100 dola
Dlo Pwòp	St. Johnsville, Vilaj	Montgomery	1,600,000 dola	400,000 dola
Dlo Pwòp	Utica, Vil	Oneida	2,710,000 dola	677,500 dola

Dlo Pwòp	Waterville, Vilaj	Oneida	2,505,000 dola	626,250 dola
	TOTAL		91,379,389 dola	29,661,723 dola

W ap jwenn enfòmasyon espesifik sou pwojè yo ansanm ak kat jewografik entèraktif ki montre pwojè sa yo disponib [isit la](#).

Pwojè yo te anonse jodi a yo pral ranfòse enfrastrikti dlo potab ak dlo ize rejyon Mohawk Valley a yo nan plizyè fason ki gen ladan: modènize ak ranplase sistèm dlo potab la yo, izin filtrasyon ak kondwit dlo yo, ansanm ak konstriksyon ak amelyorasyon izin tretman dlo ize yo, estasyon ponp lan yo ak sistèm dlo egou yo.

Anplis de sibvansyon yo, EFC ap founi prè san enterè oswa ki gen enterè fèb bay kominote yo pou plis amelyore ekonomi kontribiyab yo ap fè pa rapò a devlopman pwojè sa yo. Yo prevwa siplemante sibvansyon yo te anonse jodi a yo ak prèske 62 milyon dola nan prè ki gen enterè fèb yo.

Sabrina Ty, ki se Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Environmental Facilities Corporation (EFC) Eta New York lan, te deklare, “Gouvènè Cuomo rete inbranlab nan angajman l pran pou l sipòte minisipalite yo pandan y ap takle bezwen enfrastrikti dlo yo nan yon fason abòdab. EFC ap travay ak kominote yo pou bay yo yon melanj fon sibvansyon ak prè ki gen enterè fèb pou finanse pwojè enfrastrikti dlo potab ak dlo ize yo. Sa ap pèmèt minisipalite yo antreprann pwojè sa yo pandan y ap fè kontribiyab yo ekonomize anpil.”

Komisyònè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation) Eta New York la, Basil Seggos te di, “Investisman istorik Gouvènè Cuomo ap fè nan enfrastrikti dlo a yo ap bay minisipalite toupatou atravè eta a yo resous yo bezwen pou modènize sistèm yo epi pwoteje apwovizyonman dlo kominote a yo. Plan transfòmasyon Gouvènè a pral fè plis Nouyòkè jwenn travay pou yo ranfòse kapasite enfrastrikti nou an genyen pou satisfè defi nesan ki gen rapò ak dlo a yo.”

Komisyònè Depatman Sante (Department of Health) Eta New York la, Doktè Howard A. Zucker, te di, “Aksè a dlo potab pwòp se yon pwoblèm sante piblik onivo nasyonal ki mande nou pran mezi rapid ak desiziv. Pandan tivil ak vil toupatou nan peyi a yo ap fè fas a defi enfrastrikti dlo yo poze yo, Gouvènè Cuomo ap mete sante sitwayen New York la yo an premye avèk investisman san presedan l ap fè nan tretman ak livrezon dlo a yo.”

Senatè James L. Seward te deklare: “Sovgade aksè a dlo pwòp yo se yonn nan pi gwo defi ke eta sa ak nasyon sa ap fè fas a yo. Gouvènè Cuomo ansanm ak sena eta a te konsantre resous konsiderab sou priyorite sa epi New York ap yon lòt fwa ankò pran devan sou wout lan. Investisman enteresan sa yo pral modènize enfrastrikti dlo yo ki pral ede kenbe kominote nou yo an sante ak ekonomi nou an ki ap vanse.”

Senatè Joseph A. Griffo te deklare, “Ane sa Kò Lejislatif lan ansanm ak Gouvènè a yo te konprann nesite pou gen pwojè amelyorasyon enfrastrikti dlo yo atravè eta a, epi

yo te rive travay an kolaborasyon pou kapab asire ke pwojè esansyèl sa yo ap resevwa finansman. Ak finansman sa, Gouvènè a ap leve kanpe pou kominote Mohawk Valley yo epi investi nan ekonomi nou ak sante nou. Sibvansyon sa yo pral ede minisipalite yo modènize enfrastrikti dlo yo yon fason ki efikas epi ki akselere, pandan ke y'ap bay plizyè milyon dola nan ekonomi pou kontribiyab yo epi kreye plizyè santèn nouvo pòs travay.”

Manm asanble a Anthony Brindisi nan Utica te deklare, “Dlo potab ki pwòp se yon nesosite absoli pou sante ak byennèt abitan Mohawk Valley yo. Si zòn nou an ta dwe kontinye vanse sou plan ekonomik, nou dwe kontinye investi nan pwojè ki pou amelyore kalite dlo yo. Mwen te yon sipòtè djanm Lwa sou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo yo nan New York, epi mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li rekonèt jan pwojè sa yo enpòtan pou abitan yo ki nan Mohawk Valley”.

Eta New York alatèt peyi a avèk pi gwo investisman anyèl nan enfrastrikti bon jan kalite dlo nan nenpòt eta. Depi 2011, EFC te founi plis pase 11.5 milya dola prè ki sibvansyone, alokasyon ak prè ki refinance gouvènman lokal yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418